

# Fè Komite Liberasyon Kondisyonèl Maryland lan Vin Desidè Final la

**BILLS: SB 132 / HB 185**

## KONTÈKS

An 2021, Asanble Jeneral la te vote pou retire Gouvènè a nan komisyon liberasyon kondisyonèl pou moun ki t ap sèvi santans pou tout lavi yo. Nou rekonesan a tout moun ki te travay pou asire adopsyon lwa sa, sa ki ede pou alafwa depolitize liberasyon kondisyonèl ak garanti yon pwoesis rapid pou moun ki merite libere yo.

Se te klèman entansyon lwa a pou etabli Komite Liberasyon Kondisyonèl Maryland lan t ap desidè final pou tout desizyon liberasyon kondisyonèl pou abitan Maryland ki te anprizone pou lavi.

## KISA PWOBLÈM NAN YE?

Seksyon kòd la ki an rapò ak liberasyon kondisyonèl sou baz medikal te siprime pa erè nan pwojè lwa a, sa ki fè se sèl liberasyon kondisyonèl sou baz medikal ki egzije entèvansyon gouvènè a.

Akoz de erè sa, liberasyon kondisyonèl sou baz medikal Komite Liberasyon Kondisyonèl Maryland lan fè yo rete sijè a yon peryòd atant 6 mwa, sa ki danjere ak enjis pou abitan Maryland yo ki bezwen liberasyon kondisyonèl sou baz medikal.

## KISA SOLISYON AN YE?

Adopte yon pwojè lwa koreksyon teknik pou korije sèlman erè sa. Nesesite pou Komite Liberasyon Kondisyonèl aji rapid se san dout sa ki pi enpòtan nan ka kote kandida pou liberasyon kondisyonèl la malad grav oswa ap mouri. Peryòd atant 180 jou sa poukont li kapab diferans lan ant yon lanmò trankil antoure ak fanmi oswa yon lanmò nan solitid anndan mi yon prizon.

**Efektivman an 2021, de moun ki te rekòmande pou liberasyon kondisyonèl sou baz medikal mouri nan tann Gouvènè a aji.**



Yo akòde liberasyon kondisyonèl sou baz medikal anba kritè ki estrik anpil. Daprè COMAR, sèlman moun ki fè feblès kwonik oswa ki andikape akoz yon kondisyon medikal oswa sante mantal, maladi, oswa sendwòm ki rann yo fizikman andikape oswa enposib pou reprezante yon danje pou sisyete a kapab libere sou liberasyon kondisyonèl sou baz medikal.

**Konsiderasyon rapid moun vulnerab sa yo se pa sèlman opsyon ki imen an, men li t ap ekonomize lajan kontribiyab yo ki ta pral depanse nan swen medikal byen chè 24 sou 24 nan etablisman penitansye yo.**

Pou pran desizyon apwopriye a, pam i lòt materyèl, Komite a konsidere tou rapò doktè yo, dosye medikal, evalyasyon sante mantal, ak antedesan legal.

Komite a suiv yon pwoesis egzijan pou detèmine kiyès ki ka libere, e chak manm Komite Liberasyon Kondisyonèl la vote nan chak ka.

**Apwobasyon Gouvènè a se bagay ansyen nan vye sistèm ak fay Maryland nan e sa riske politize desizyon sa yo ak koze konfizyon biwokratik.**

**Bay Komite  
Liberasyon  
Kondisyonèl  
Maryland lan  
desizyon Final la  
ap pèmèt asire  
egalite ant tout  
pwoesis liberasyon  
kondisyonèl yo.**

Pwojè lwa sa ap asire yon maladi nan faz tèminal pa anpeche yon moun jwenn yon egzamen ki jis ak rapid pou demann liberasyon li an.

**LÈ POU NOU  
KORIJE SA A  
SE KOUNYA.**